

Jan Pou N Elve Timoun

Me 2019



Pou aprann plis vizite www.touttimoun.org oubyen rele 211



Chwazi yon Bon Kan pou Pitit Ou

Jwenn yon aktivite aktif epi ki ansekirite pou lete a!

Lete a prèske rive, sa vle di li lè pou kòmanse reflechi sou kibò timoun yo pra'l pase vakans yo. Men avèk plizyè opsyon ke w ka chwazi nan Konte Miami-Dade – anpil ladan yo se Children's Trust ki a sipòte yo – kòman ou ka chwazi sa ki pi bon pou fanmi w lan? Pou fè'l pi fasil pou ou, men sa ou ta dwe chache:

Pèsonèl La dapre American Camp Association (ACA), pwogram jounen kan ete yo dwe mete yon manm pèsonèl la pou chak: sis timoun ki nan kan epi ki gen laj 4-5 lane; wit timoun ki nan kan epi ki gen laj 6-8 lane; dis timoun ki nan kan epi ki gen laj 9-14 lane; epi douz timoun ki nan kan epi ki gen laj 15-17 lane. Konseye dwe anba siveyans, antrene tout tan, epi yo dwe gen sètifikasyon nan CPR (ekzèsis pou fè moun rebran konsyans nan ka ijans), kit ijans ak defibrillate ekstèn otomatik (AED), epi pou byen konnen tout règleman sekirite kan yo, pwosedi ijans ak sipèvizyon yo, kit timoun yo ap jwenn andedan oswa deyò. Li enpòtan pou poze keston tankou "Ki antrenman ke pèsonèl resevwa epi ki kalifikasyon yo?" epi "Èske yo fè rechèch sou yo?"

Sekirite Etabli epi toujou ranfòse pwotokòl siveyans lè timoun yo rive ak lè yo prale, epi ak kiyès, se yon obligasyon. Si pitit ou ap fè ale vini nan bis, poze keston sou chofè a, epi si gen manm pèsonèl la k'ap la ak yo. Ap gen anpil espas deyò ki ap disponib, ansanm ak kote ki gen lonbraj. Konfime ke manje yo ak bwason ke y'ap bayo yo bon kalite, epi gen anpil dlo pou yo pa dezidrate.

Natasyon ak Aktivite Espòtif nan Dlo

Tout kote yo naje yo – kite li se pisin oswa lak – dwe gen yon kòd ki pase nan mitan pouk a ijans, se sa ACA sijire. Enstriktè ak èd nan ka ijans yo dwe pase tès nasyonal YMCA Lifeguard ak Swim Instructor Certification yo, oswa pwogram antrenman

akwatik Red Cross la. Anplis pwoteje ak montre timoun yo naje, yo ta dwe montre yo tou kòman pou yo rete ansekirite andedan ak sou kote dlo yo.

Timoun ki Andikape Enfòmè direktè kan ak pèsonèl la bone si pitit ou gen andikap oswa lòt difikilte ke pitit ou ka genyen epi kijan pou yo abode yo; y'ap toujou fè tout sa yo kapab pou ede yo. Poze keston sou règleman enklizyon yo, kote timoun ki bezwen atansyon espesyal yo ka kominike ak lòt timoun ki nan menm ka ak yo. Anviwonman sa yo nan avantaj yo tout li ankouraje yo fè plis efò pou aprann epi kominike plis youn ak lòt.

Enterè Espesyal W'ap chache kan ki genyen espesyalite, tankou syans, espò, atizana, mizik, dans ak teyat? Mande ki lòt aktivite ki ap genyen apre pwogram regilye yo; si yo patisipe nan lòt aktivite, eksperyans kan ap pi ekstraòdinè.

Jwenn Yon Kan Jodi'a!

Gi pwogram The Children's Trust la disponib kòm aplikasyon gratis li nan lang Anglè, Panyòl ak Kreyòl. Ale nan Magazen Aplikasyon yo sou Google Play epi telechaje li jodi'a. Ou gen aplikasyon an deja? Gen chanjman nan lis kan yo epi lòt aktivite ki ap andirèk 8 Me. Ou ka wè tou pwogram ke Trust ap sipòte yo sou www.touttimoun.org oswa rele 211.

Ranfòse Entèlijans Timoun Yo Pandan Tout Ete A!



fizkes/stock.adobe.com

9 bon fason pou pwofite fè yo aprann lè yo pa al lekòl

Ane lekòl la pra'l fini, men sa pa vle di ke timoun yo ta dwe sispann aprann. Anreyalite li enpòtan pou kenbe sèvo timoun yo okipe pandan ete a, pa sèlman pou devlopman mantal yo, men abilite pou aplike yo.

Si ou se yon paran ou dwe deja tandè pale de "summer slide" (sa vle di anpil timoun bliye sa yo te aprann pandan ete a), men èske ou konprann ak mesaj li pote a? Yon etid ke Duke University te fè montre ke timoun ki tounen lekòl apre vakans pèdi

“
**Chak jou
nan lavi a pote
yon leson ke ou
ka aprann.**
”

sòti youn jiska twa mwa konesans yo te pran, espesyalman nan matematik.

Sa pa vle ke w pra'l oblije jwe wòl yon pwofesè pandan ete a, men sa vle di oud we ranfòse lakay la tout sa ki te aprann nan lekòl la. Konsidere estrateji sa yo:

Ale nan librerri a. Anpil branch aktivite ete pou timoun Miami-Dade Public Library (www.mdpls.org), ansanm ak envite espesyal, mizisyen ak lòt aktivite ki ankouraje enstriksyon.



Motive timoun yo pou chwazi liv ke yo renmen epi pa fè timidite pou chwazi liv tikomik, liv komedi ak magazine. Liv ke ou ka tande nan aparèy se yon lòt resous ankò ki ka ede nan ranfòsman entèlijans timoun yo.

Tès evalyasyon pou memwa. Bay pitit ou defi pou li sonje yon mizik konplè oswa yon istwa, oubyen ankouraje yon group timoun pou fè yon ti pyès teyat.

Planifye ti vwayaj pandan jounen yo. Al vizite mize, galri atizana, zou, ak kote yo fè espektak; ale sou sitwèb ak kalandriye kominotè – tankou sa ki sou www.touttimoun.org – pou ka jwenn enfòmasyon sou evenman ki pa chè oswa ki gratis. Anpil kote ofri plizyè aktivite edikasyonèl (amizan!) pou timoun yo pou ete a. Etid montre ke mizik fè bon efè sou sèvo timoun piti, pandan ke dans ede nan amelioration entèlijans yo. Genyen tou, yon pak local nan lis la vini ak yon liv ki pale sou lanati. Petèt wa dekouvri yon flè, zwazo oswa yon ensèk ka enterese kiryosite yon timoun pou'l aprann sou li.

Fè manje ansanm. Fè manje ak fè desè gen gwo kalkil matematik/syans/lekti sa mande chwazi bon resèt, jwenn bon engredyan, respekte mezi yo epi swiv direksyon yo.

Òganize jwèt pandan lannwit. Jwèt sou tablo tankou Candy Land ak Chutes & Ladders montre timoun yo konte, rekonèt koulè; timoun ki pi gran yo ka aprann anpil nan Scrabble, Monopoly ak Scattergories. Ou ka fè jwèt pa'w tou ak timoun ki pi piti yo poze yo kebyon tankou "Ki mo ki sonnen men jan ak 'maison?'" oswa "Panse ak yon mo ki kòmanse ak lèt 'S.'"

Pran yon plim. Fè timoun yo ekri lèt bay zanmi yo oswa fanmi yo, oswa ede jwenn yon zanmi pou ekri youn ak lòt, petèt nan yon sant local. Sijere pitit ou pou'l ta vin yon repòtè pou'l òganize yon bilten famiyal oswa ede yo demare jounal.

Itilize tan yo pase devan ekran pi byen. Itilize aplikasyon k'ap pèmèt yo aprann tankou sa Common Sense Media (www.commonsensemedia.org) ak Duck Duck Moose (www.duckduckmoose.com) genyen yo.

Fè lis bagay yo gen pou fè yo tounen yon zouti pou aprann. Chak jou nan lavi a pote yon leson ke ou ka aprann. Ale nan yon ti boutik, ka pèmèt timoun lan aprann lè ou mande'l pou'l kalkile pri bagay yo oswa fè kalkil konbyen lajan w'ap ka sere ak kupon yo oswa rabè yo. Yon ti flannen nan zòn ka louvre yon ti diskisyon sou kantite distans sòti nan pwen A pou rive nan pwen B, pandan ke peye pou ti kònè krèm ak lajan kach ka ankouraje yo fè kalkil, fè yo kalkile konbyen monnen k'ap rete.

Kreye yon seyans syans ki amizan. Ki timoun ki pa'p kontan jwe ak dlo penti kolore, yon asanblaj ki fèt ak ti bwa ki konn netwaye dan yo epi machmalo oswa jwèt ki fèt ak bagay ke ou ka manje? Chache reset yo sou entènèt ak lòt aktivite syantifik (STEM) ki bon pou laj pitit ou.

Tounen on Paran Adoptif

Tout sa ou bezwen konnen pou ou kòmanse

Mwa Me se mwa komemorasyon nasyonal swen adoptif, on rapèl pou nou konsidere 443,000 timoun ki nan swen adoptif nan peyi Etazini ki bezwen bon jan ankadreman – anviwon 3,500 nan timoun sa yo se nan konte Miami-Dade lan yo ye.

Timoun yo vreman bezwen yon bon ankadreman ak lanmou, sitou nan kominote minorite yo, e pran responsabilite on timoun se on gwo pa nan direksyon pou adopsyon. Si ou ap konsidere responsab on timoun, enfòmasyon sa yo gendwa reponn anpil nan gwo kebyon ou gendwa genyen:

Kijan mwen ka responsab yon timoun?

Moun ki gen potansyèl pou yo ta responsab on timoun dwe patisipe nan PRIDE (Resous Paran pou Enfòmasyon, Devlopman ak Edikasyon) ki se yon fòmasyon ke yon ajans ki voye zye sou timoun ki nan pwogram swen adoptif lan òganize. Lè ou fini ak fòmasyon sa a, yo pral fè investigasyon sou ou ak kay ou pou ou ka gen lisans ki pou otorize ou okipe on timoun ki nan pwogram lan.

Konbyen tan sa pran?

Preske de mwa minimòm, men li gendwa varye.

Mwen ta vrèman renmen responsab yon timoun, men mwen pa marye.

Yon moun gendwa responsab on timoun san li pa marye oswa li viv poukont li. Moun sa a ka marye oswa menm omoseksyèl. Fòk ou gen omwen 21 lane, fòk ou fè ase lajan pou ou ka sipòte tèt ou, e fòk ou pase lòt kalifikasyon nesèsè pou ou kapab rive travay ak timoun.

Si mwen ta responsab yon timoun, ki sipò m'ap genyen?

Ajan ki responsab ka pa ou an gen pou li travay avèk ou pou edew jere swen ou ap bay timoun lan. Gen òganizasyon tankou South Florida Foster & Adoptive Parent Association nan zòn ou tou ki ofri konsèy ak zanmitay.

Èske m'ap resevwa èd finansyèl?

Kòm responsab timoun yo, w'ap resevwa on montan lajan chak mwa ki ka sèvi pou depans ki nesèsè pou ou okipe chak timoun ki nan swen ou lakay ou.

Kijan pou mwen kòmanse?

Si ou entèrese pou ou ta responsab yon timoun, kontakte Our Kids of Miami Dade/Monroe nan nimewo sa a 305.455.6000 oswa nan info@ourkids.us, oswa vizite sit entènèt lan www.ourkids.us.

Sous yo: U.S. Department of Health & Human Services, Our Kids of Miami-Dade/Monroe ak the South Florida Foster & Adoptive Parent Association.

Liv Mwa a

Mommy's Khimar

Yon bèl ti istwa ak bèl ti ilustrasyon de yon jèn ti fi ki Mizilman-Ameriken ak manman li. Yo gen on seri de bèl foula ak koulè vif nan tèt yo ki reprezante sekirite, fanmi, akseptans ak bon jan lanmou. *Laj 4-8 lane*

Liv sa a disponib nan Miami-Dade Public Library System.



Enfòmasyon enpòtan pou kenbe nan men ou!

211 nimewo asistans | 211 Sèvis 24 sou 24 pou enfòmasyon ak resous sou sante lokal ak lòt sèvis an Anglè, Panyòl ak Kreyòl.

Poison Control | 800.222.1222 Kontwòl anpwazonman.

Healthy Start Coalition | 305.541.0210 òganizasyon sa a ofri kowòdinasyon swen kontinyèl pou fanm ansent ak timoun depi lè yo fèt jiskaske yo gen 3 lane.

Child Care Resource & Referral Hotline |

800.424.2246 Enfòmasyon sou konpayi ki ap founi swen pou timoun, kondisyon pou ou gen lisans nan eta ou rete a, ak kibò pou ou jwenn asistans po ou peye pou swen timoun yo.

The National Association for the Education of Young Children | www.naeyc.org Yon òganizasyon ki konsakre nan asire bon pwogram bon kalite pou timoun depi lè yo fèt pou jouk yo rive nan twazyèm ane lekòl.

Zero to Three | www.zerotothree.org On sant nasyonal pou timoun piti, ti bebe ak fanmi yo. Yo pibliye liv e yo ofri enfòmasyon sou kijan pou ou pran swen sante emosyonèl ak devlopman jèn timoun.

Healthy Child, Healthy World | www.healthychild.org Òganizasyon bay paran ansanm ak moun ki ap bay timoun swen enfòmasyon sou prevansyon sante ak lòt pwoblèm devlopman ki koze pa sibstans toksik nan kay, lekòl ak kominote yo.

Child Find/Florida Diagnostic | 305.274.3501 Òganizasyon sa a ede paran idantifye timoun ki genyen oswa ki riske genyen yon andikap.

Center for Parent Information & Resources | www.parentcenterhub.org On sous santral pou enfòmasyon ak pwodwi ki derive de yon rezo ki gen plizyè sant paran ki sèvi fanmi ak timoun ki gen andikap.

Florida KidCare | 888.540.5437 Enfòmasyon sou asirans sante pou timoun.

Feeding South Florida | 954.518.1857 Òganizasyon sa a ofri referans nan ajans ki ap ofri manje pou fanmi ki nan bezwen.

WIC | 786.336.1333 Pwogram nitrisyon silplemantè pou fanm, ti bebe and timoun piti.

Florida Coalition Against Domestic Violence | 305.247.4249 Òganizasyon sa a ofri ankadreman ak lòt resous pou viktim vyolans domestik.

Florida Domestic Violence Hotline | 800.500.1119 Nimewo sa a mache 24 sou 24, li ofri enfòmasyon, resous lokal, ak referans an Anglè, Panyòl ak Kreyòl.

National Child Abuse Hotline | 800.422.4453 Nimewo sa a mache 24 sou 24, li ofri enfòmasyon, resous lokal ak referans pou abi sou timoun.

**Pou aprann plis vizite
www.touttimoun.org oubyen rele 211**



Bilten sa a se Children's Trust ki pwodui li kòm sèvis li mete a dispozisyon fanmi ki rete Miami-Dade County. Children's Trust se yon sous revni ki la pou fè yon travay espesyal, se elektè ki tabl fon sa a pa mwayen referandòm pou amelyore lavi timoun ak tout fanmi yo.

Si w gen sijesyon ak ide istwa ou ta renmen nou pibliye, voye yo ban nou nan imel sa a: info@thechildrenstrust.org



Vizyon Zye Timoun

Lanmou Manman!

Kisa manman yo fè pou yo fè pitit yo kontan?

Manman mwen fè mwen kontan lè li mennen mwen nan Miami Seaquarium. Lè nou ale la, mwen wè anpil bèl pwason ak reken!

Emillano, 6

Yo mennen nou soti lè nou raz epi yo ede nou ak bagay nou pa konnen.

Tangie, 10

Kisa ki fè yon bon manman?

On moun ki ede'w konpòte'w bien, etidye byen pou'w ka fè pi bèl nòt lekòl!

Elias, 7

On bon manman fè'w santi'w pi byen lè ou tris.

Leillani, 8

On bon manman – oswa granmè – ba ou lanmou. Chak swa granmè mwen ba nou on ti bo anvan nou al dòmi, li kwoke nou, epi li di nou "Mwen renmen nou anpil!"

Tangie

Kisa yon papa ka fè pou yon manman pou Fèt Dèmè?

Papa yo ka ede dekore foto avèk ti kè ki klere.

Emillano

Netwaye kay la epi ede li fè manje.

Leillani

Pwodwi an patenarya ak Fatherhood Task Force of South Florida.

**Èske w vle enskri sou entènèt pou
w resevwa ti jounal sa a gratis?
Ale sou www.touttimoun.org.**